

ABSTRAK

Judul panalungtikan ieu: **PANGARUH PANGALOLAAN KELAS KU GURU KANA PRÉSTASI DIAJAR BARUDAK SAKOLA DINA PANGAJARAN ÉKONOMI MURANGKALIH KELAS XI SMA NASIONAL BANDUNG**. Panalungtikan ieu ngagaduhan tujuan kanggo nguningakeun pangaruh pangalolaan kelas ku guru kana préstasi diajar barudak sakola dina pangajaran ékonomi murangkalih kelas XI SMA Nasional Bandung. Masalah utami anu dijantenkeun alasan panulis dina ngalaksanakeun panalungtikan ieu téh nyaéta kumargi kirangna katerampilan guru dina ngalola kelas anu ngajantenkeun kaayaan pangajaran janten ngabosenkeun, anu ngajantenkeun pangaruh kana prestasi diajar murangkalih sakola.

Téhnik panalungtikan ieu téh mangrupikeun panalungtikan kualitatif anu nganggo pangdeukeutan survéy, kumargi kitu sempel anu dicandak téh ngagunakeun cara acak ku cekap mung sakelas waé nyaéta kelas XI IPS 2 anu seueurna 30 jalmi. Sedengkeun populasi dina panalungtikan ieu nyaéta sadayana murangkalih kelas XI IPS SMA Nasional Bandung anu seueurna 60 jalmi. Sedengkeun instrumén anu dianggo nyaéta mangrupikeun angkét kanggo variabel pangalolaan kelas ku guru (variabel X) kalih ngeunaan pasoalan pameunteun taunan anu dilakukeun di ahir (PAT) kanggo variabel préstasi diajar murangkalih (variabel Y). Dumasar kana hasil pangalolaan angkét panalungtikan anu ku panulis dilakukeun, ngahasilkeun kasimpulan ahir réhna pangalolaan kelas téh lebet kana katagori "saé" ku persentaseu sadayana walerana 67%. Sedengkeun préstasi diajar murangkalih téh kalebet kana golongan "saé pisan" 15 jalmi, "saé" 10 jalmi sareng "cekap" 5 jalmi, anu nunjukeun réhna 21 tina 30 jalmi atawa 70% atos dugi kana niléy katuntasan nyaéta 76,00. Ageungna pangaruh pangalolaan kelas ku guru anu signipikan kana préstasi diajar murangkalih nyaéta saageung 68,9 %, hal ieu dibuktoskeun tina niléi koépisien régrési (R) saageung 0,830 sareng R Squere saageung 0,689 atanapi 68,9 %. Hal ieu nunjukeun réhna pangalolaan kelas ku guru masihan kontribusi saageung 68,9 % kana préstasi diajar murangkalih. Pangalolaan kelas ku guru ngagaduhan pangaruh anu signipikan kana préstasi diajar murangkalih. Hal ieu dibuktoskeun ku hasil analisis data réhna $t_{hitung} = 7,875 > t_{tabel} = 2,048$ dina tarap signipikan 5 % ku nilai signipikan 0,000, anu hartosna H_0 ditampi. Ku ditampina H_0 , maka tiasa dicandak kasimpulan réhna tujuan panalungtikan kadugi. Dumasar kana hasil panalungtikan ieu, maka panulis masihan saran kanggo mahasiswa hususna mahasiswa Fakultas Kaguruan sareng Élmu Pangajaran kedah mampuh kanggo ngalola sareng ngembangkeun pangalolaan kelas ku cara interaktif, inspiratif sareng inopatip anu bakal ngakibatkeun kaayaan kelas janten ngabungahkeun sahingga préstasi diajar murangkalih kadugi kalintang saé. Panulis ogé ngaharepkeun ka panalungtik salajengna kanggo nganyahoakeun faktor-faktor anu mangaruh préstasi diajar ekonomi salianti anu ditalungtik dina panalungtikan ieu.

Konci: Pangalolaan Kelas, Préstasi Diajar Murangkalih Sakola